

PAWARTOS PASAMUWAN

MINGGU, 28 Juli 2024

Pradataning Pasamuwan GKJ Klaten ngaturaken wilujeng rawuh lan wilujeng ngabekti ing Pangibadah punika

I. TETEPAN PRADATA ANYAR

Calon warganing pradata anyar :

Pinisepuh

Blok II : Bp. Heri Kristianta

Blok III : Ibu Asih Puji Hastuti

Diaken

Blok I : Ibu Isnuwati

Blok II : Bp. Untoro Listiyanto

: Ibu Kori Winastri

Tetapan calon warganing pradata anyar lan Pelerehan pradata lami badhe katindakaken benjing dinten Minggu, 4 Agustus 2024 ing pangibadah Klaten II ing gereja Induk.

II. KELAS KATEKISASI REGULER

Kelas katekisasi reguler badhe wiwit katindakaken benjing dinten Minggu, 4 Agustus 2024 ing lantai II Ruang Galatia, dhumateng pasamuwan ingkang ngersakaken badhe ndherek katekisasi reguler saged ndaftar ing Kantor GKJ klaten . Mugi ndadosna kawuningan.

III. CUTI PENDETA

Pdt. Sugeng Prasetya mendhet Cuti tahunan wiwit 24 Juli – 3 Agustus 2024 sakdangunipun Bapak pendeta cuti , pasamuwan ingkang kagungan keperluan pastoral saged sesambetan kaliyan Ketua Majelis Pnt. Sri Purwanti Juli S. Mugi ndadosna kawuningan.

IV. PINDAH WARGA

Sampun pindah warga ing Gereja Maria Assumpta Klaten sdr. Bella Ninda Ayu Marcelina sewau warga blok V

V. MEDAL SAKING GEGELITANING PASAMUWAN

Sampun medal saking gegelitaning pasamuwan amargi ngakeni sahadat sanes inggih punika Sdr. Prita Anindita sewau warga blok IV.

VI. KELAIRAN

Bp/Ibu Andri Angka Wijaya warga blok III sampun pinaringan momongan rikala tanggal 22 Juni 2024 anak kaparingan nami Anthea Wean Emmanuella. Pradata ndherek bingah.

Pasamuwan ingkang badhe ngaturaken pisungsung saged ugi lumantar rekening gereja:
No. Rek 0035 – 01 – 000892 – 53 – 3 atas nami GKJ Klaten, lan paring konfirmasi
lumantar No. WA : 0817465146 utawi 085655866712

**Pradataning Pasamuwan GKJ Klaten ngaturaken sugeng ambal warsa kagem
pasamuwan ingkang ambal warsa ing minggu punika.**

INGKANG RAWUH ING PANGIBADAH Minggu, 21 Juli 2024

Ibadah Gereja Induk	I	: 168	orang
	II	: 70	orang
Ibadah Pemanthan Bareng		: 88	orang
Ibadah Pemanthan Tegalyoso		: <u>38</u>	orang
Jumlah		: 364	orang

Pawartos sajangkepipun saged kawaos ing warta lipat lan web gkjklaten.org
Inkang nuntun pangibadah wekdal punika _____

Ngginakaken liturgi Minggu kaping _____

Majelis GKJ Klaten



Pnt. Sri Asih